

## LIS KONTWOL SOU SANTE ADOMISIL (SY 21-22)

**Elèv yo pral kontinye itilize lis kontwol sante adomisil epi p'ap frekante lekòl la si yo prezante divès sentom COVID-19.**

Fanmi BPS yo dwe siveye timoun pa yo pou sentom COVID-19 chak jou avan lekòl. Kèk sentom COVID-19 se menm ak pa grip oubyen yon movè rim; tanpri veye pou se pa yon lòt kondisyon. Lè gen dout, **rete lakay** epi rele pwofesyonèl premye swen ou an.

Elèv ki prezante nan lekòl la avèk youn nan **sentom an gra yo**, y ap voye yo tounen lakay yo; elèv ki prezante avèk yon konbinezon sentom ki pa an gra, oubyen nan diskresyon enfimye a, yo kapab voye li tounen lakay li.

**PITIT OU DWE RETE LAKAY LI** si pitit ou a oswa nenpòt moun nan kay la gen nenpòt nan sentòm ki an gra yo ki site anba (oubyen yon konbinezon nenpòt sentom ki pa an gra yo):

- **Fyèb (100.0° Fahrenheit oubyen pi wo), frison, oubyen fyèb frison**
- **Difikilte pou respire oswa souf kout**
- **Pèdi gou oswa pa pran sant**
- **Doulè nan zo oswa kò fè mal**
- Tous (se pa lòt koz moun konnen ki bay li)
- Doulè nan gòj *lè li konbine ak lòt sentòm*
- Kè plen, vomi, oubyen dyare *lè li konbine ak lòt sentòm*
- Maltèt *,lè li konbine ak lòt sentòm*
- Fatig *,lè li konbine ak lòt sentòm*
- Nen bouche oubyen nen koule (se pa lòt koz moun konnen ki bay li, tankou alèji) *lè li konbine ak lòt sentòm*

### OSWA

- **Tout elèv ki pa vaksinen ki an kontak avèk youn moun ki gen COVID-19 deyò yon batiman lekòl BPS** dwe rete lakay li soti lekòl la, an karantèn, epi swiv enstriksyon ki founi pa pwofesyonèl sante yo a oubyen konsèy sou sante lokal la.

### **Si pitit ou gen divès sentom:**

- Tanpri sinyale absans lan ak administrasyon lekòl la e ak enfimye lekòl la, pandan w ap note si absans lan lye ak COVID-19.
- Kenbe pitit ou an lakay pou pwofesyonèl premye swen li a kapab wè li, anvizaje pou fè tès pou COVID-19.
- Tanpri enfòm enfimye lekòl la de rekòmandasyon pwofesyonèl premye swen yo, alekri, avan timoun nan retounen nan lekòl la.